# GEOGRAFIYA PÁNINEN DÁSTÚRIY EMES SABAQLARDÍ SHÓLKEMLESTIRIW ÁHMIYETI

**Tólebaev S.S. ,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Geografiya oqıtıw metodikası kafedrası stajyor oqıtıwshısı*

**Bozorboyev E.Y.,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Geografiya hám ekonomika bilim tiykarları tálim baǵdarı 3-kurs studenti*

**Kamilova N.F.,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Geografiya hám ekonomika bilim tiykarları tálim baǵdarı 3-kurs studenti*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15170791

***Annotaciya.*** *Bul maqalada ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde dástúriy emes sabaqlardı shólkemlestiriw hám onıń áhmiyeti haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen.*

***Gilt sózler:*** *Bilimlendiriw haqqında»ǵı nızam, «Milliy oqıw baǵdarlaması», geogafiya sabaqlarında interaktiv usıllar, dástúriy emes sabaqlarǵa qoyılatuǵın talaplar, zamanagóy pedagog*

Elimizde alıp barılıp atırǵan ekonomikalıq-siyasiy, mádeniy tarawındaǵı keń kólemli jumıslar, ásirese «Bilimlendiriw haqqında»ǵı nızam hám «Milliy oqıw baǵdarlaması» bilimlendiriw tarawınıń barlıq buwınlarında bilim beriwdi qayta qarap shıǵıwǵa zárúrlik tuwdırdı.

Prezidentimiz Sh.Mirziyoev "Biz tálim hám tárbiya sistemasınıń barlıq buwınları iskerligin búgingi zaman talapları tiykarında rawajlandırıwdı ózimizdiń birinshi dárejeli wazıypamız dep bilemiz" degen edi.

Bilimlendiriw barısında pánlerdi oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıw oqıw processiniń nátiyjeliligin arttırıwǵa hám tálim alıwshılarda pánlerge bolǵan qızıǵıwshılıqtı kúysheytiwine alıp keledi. Sonıń ushın geografiya páninen dástúriy emes sabaqlarda interaktiv usıllardan paydalanıw búgingi kúnniń áhmiyetli aktual máselelerinen biri bolıp esaplanadı.

Bul maqalanıń tiykarǵı maqseti – Geogafiya sabaqlarında interaktiv usıllardan paydalanǵan halda sabaqlardı dástúriy emes shólkemlestiriwge járdem beriw. Bunda geografiya pánin oqıtıwda dástúriy emes sabaqlardan paydalanıw ushın usınıslardı kórsetip ótiwdi maqset etkenbiz.

Bul maqsetke erisiw ushın tómendegi wazıypalardı qoydıq:

- geografiya táliminde dástúriy emes sabaqlardı shólkemlestiriw usılları boyınsha ádebiyatlardı analizlew hám ulıwmaslastırılǵan juwmaqlar shıǵarıw;
- geografiya pánin oqıtıwdaǵı innovaciyalar menen tanısıw;

- geografiya páninen interaktiv usıllarǵa tiykarlanǵan dástúriy emes sabaq islenbeler jaratıw;
- alıp barılǵan tájriybelerdi analizlew hám bilimlendiriw ushın nátiyje bergen variantlardı usınıwdan ibarat.

Dástúriy emes sabaqlarǵa qoyılatuǵın talaplar:

- házirgi kúnde zamanagóy bilim usıllarınıń biri – bul jańa pedagogikalıq texnologiya bolıp, bul pedagogikalıq texnologiyanıń tásiri arqalı oqıtıwshı oqıwshı xızmetin atqaradı, oqıwshıda erkin bilim alıw múmkinshiligin payda etedi. Jańa pedagogikalıq texnologiya oqıw barısında, ilim hám texnikanıń aldıńǵı jetiskenliklerin oqıwshılarǵa jetkeriw maqsetinde video jazıwlarǵa túsirip kelgen islep shıǵarıw kárxanaları processlerine tiyisli kórinislerden, kompyuter hám xabar texnologiyaları tiykarında tayarlanǵan bayanatlar hám ámeliy sabaqlardıń elektron versiyalarınan, tarqatpa materiallardan hám taǵı basqa dereklerden paydalanıwdı názerde tutadı.
- dástúriy emes sabaqlar interaktiv usıllardan paydalanǵan halda shólkemlestiriledi. Aqlıy hújim, oyınlar, mashqalalı jaǵdaylar, óz-ara pikir alısıwlar, kritikalıq pikirlerdi rawajlandırıwǵa tiyisli klaster hám sinkveyn sıyaqlı usıllar solardan ibarat.
- jaslarǵa bilim hám tárbiya beriwdiń áhmiyetli wazıypaların orınlaw muǵallimniń dúńyaǵa kóz qarası, kásip sheberligi, talantı hám mádeniyatına tuwrı keliwshi dárejege baylanıslı. Haqıyqattan da muǵallimsiz jámiyettiń rawajlanıwı onıń keleshegin kóz aldına keltiriw qıyın. Bilim, tárbiya barısın durıs shólkemlestiriw ushın bar bolǵan múmkinshiliklerden paydalanıw muǵallimlerdiń birinshi náwbettegi wazıypasınıń biri bolıp esaplanadı.
- zamanagóy sabaq bul sabaq processiniń orayında oqıwshı bolıp, sabaq onıń qálewi, talaplarına sáykes boladı. Sonıń menen birge ol óz xızmeti tiykarında jeke rawajlanıwǵa baǵdarlanadı. Oqıwshı sabaqta aktiv qatnasıwshıǵa aylanadı. Ol óziniń aktiv qatnasıwı arqalı sabaqtı ózlestiriw processine úles qosadı. Házirgi kúnde mekteplerde interaktiv sabaq kishi toparda, ulıwmalıq jaǵdayda jeke juplıqta islesiw, diskussiya aqlıy hújim, Debat, klaster usılları boyınsha sabaqlar shólkemlestiriledi. Bunday sabaq túrlerin qollanıw arqalı oqıwshınıń iskerlik, dóretiwshilik qábiletlerin qáliplestiriw, oqıwshınıń intelektual qábiletlerin iske asırıw, oqıwshılardıń tabıslarǵa erisiwine jaǵday jaratıw múmkinshiliklerine iye boladı.

Sonday-aq házirgi zaman sabaqtı shólkemlestiriwde muǵallim tómendegi wazıypalardı orınlaw kerek boladı.

1. Muǵallim eń dáslep óz kásibin súyiwi, óz kásibiniń bilimdanı hám sóz ustazı bolıwı kerek.

2. Muǵallim oqıwshılarǵa ózin jaqsı kórsetiwi ushın óz sabaqların qızıqlı ótiwi tiyis.

3. Muǵallim sóylegende oqıwshını zeriktirmew kerek, tek ǵana óz temasın túsindirgende júdá ápiwayı anıq, turmıs mısalları menen oqıwshıǵa jetkiziwi kerek.

4. Muǵallim temanı hár bir oqıwshınıń qábiletine qarap túsindiriwi olar menen qatnasta bolıwdı názerde tutıwı kerek.

5. Eger oqıwshılardıń dıqqatı basqa jaqta bolıp qalsa, ol jaǵdayda olardı sabaqqa qızıqtırıwı ushın ámeller islewi kerek. Yaǵnıy bunday jaǵdayda oqıwshılardı zeriktirmew ushın az ǵana basqa temalar átirapında sáwbetlesiw ótkeriw kerek. Oqıwshılarǵa jámiyettegi ataqlı alımlar haqqında sáwbetlesiw ótkeriw arqalı olardıń dıqqatı bir jerge jámlenip, sabaq dawam etiliwi kerek.

6. Muǵallim sabaq waqtında oqıwshılar menen júdá jaqsı qatnasta bolıwı, kópshiliktiń ortasında oqıwshılardı renjitpewi kerek.

7. Oqıwshılar kóbinese ózleri qáleytuǵın insanlardan órnek aladı, olarǵa uqsaǵısı keledi. Sonıń ushın muǵallim basqalardıń aldında ózgeler haqqında basqasha baylanıs islemewi kerek.

Juwmaqlap aytqanda, sabaq ótiw barısında interaktiv metodlardan paydalanıw oqıwshınıń bilim dárejesiniń asıwında sonday-aq, erkin pikirlew qábiletin, logikalıq oylawın rawajlandırıwda júdá úlken áhmiyetke iye. Sonıń ushın oqıtıwshı hár bir sabaǵın qızıqlı hám mazmunlı ótiwge háreket etiwi zárúr.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. "Geografiya-7" Muǵallimler ushın metodıkalıq qollanba. Tashkent – 2022.
2. Móminov O. Zamanagóy geografiya sabaǵına qoyılatuǵın talaplar. (Oqıtıwshılar ushın metodikalıq qollanba) – T.: 1990.
3. Ishmuhamedov R., Abduqodirov., Pardayev A. "Tálimda innovacion texnologiyalar" (Tálim muassasalari pedagog óqituvchilari uchun amaliy tavsiyalar). –T 2008.
4. Umumiy o'rta ta'limda geografiya fanini o'qitish metodikasi (metodik qo'llanma). Toshkent – 2020.
5. Gaypova R. TRENDS IN ORGANIZING GEOGRAPHY LESSONS THROUGH UNTRADITIONAL METHODS //International Journal of Artificial Intelligence. – 2025. – T. 1. – №. 2. – C. 1060-1063.
6. Tursinbaevna G. R., Muzapparovna T. Z., Turganbaevna K. M. The implementation of innovative technologies in teaching geography //International Journal of Pedagogics. – 2023. – T. 3. – №. 10. – C. 53-56.
7. Гайпова Р., Турдыбекова З., Байрамова А. ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ИННОВАЦИОННЫХ ТЕХНОЛОГИЙ В ПРЕПОДАВАНИИ ГЕОГРАФИИ //Экономика и социум. – 2023. – №. 12 (115)-1. – С. 1037-1041.